
RÉPUBLIQUE DU SÉNÉGAL
Un Peuple - Un But - Une foi


APRAO – Amélioration de la production du Riz en Afrique de l'Ouest

Institut Sénégalais de Recherches Agricoles

# Xëtum xarala ñeel mbeyum ceeb ci xur wu am ndox mu neex



**Xeetu suuf si :**
Suufu ban mbaa dek-joor




**Li ñu fa mujj a bey :**
Taamu nañ ñu bey ceebu xur ginaaw mbeyum ceeb mbaa mbeyum lejum












**Waajalum suuf si (ji ci suuf si mbaa jëmbët) :**
Ruuj ba mu set tool bi balaa bët sébbi (taw yu jëkk ya),
Rijjil tool bi te xóotaay ba tollu ci 15-20 sm
mu lalu mbaa jalu ak kajandu
mu lalu ak masin mbaa jumtukaay yu méngóok rijji
Sooy rijji, na xunti yi galan mbartalu tool bi
Soo rijjee ak masin, defaat ko
Waajalal fi nga war a ji (toj doonj, yemale)
Defaraat dig-digaan yi ngir téye ndox meek àngare ba ci tool bi
Fuugat suuf si su dee da ngay jëmbët



**Xeeti ceeb yi ñu fay bey :**
DJ 684 D, ITA 123, BW 248-1, BR 51-46-5, BG 90-2, IR 15 29-680-3



**Park bi**
Ngir defar parka laaj na :
Tànn béréb bu am tos, aaru ci jur giy taxawaalu, jigé tool yaak ab rootuwaay
Setalal te rijji tool ba.
Def fa tos su ko laajee ci lu tollu ci 150-200 g yu NPK ak 100-150 g yu « iire » ci 10 m2 yu nekk
Nattal ay dénd yu tollu ci 1 m yaatuwaay ak 10 m ci guddaay.
Jiyal ak lu tollu ci 2kg/10m2, mu mën a jëmbët 500m2. Natu jiwu wi ñu sooxla ngir jëmbët 1ha a ngi tollu ci 40kg
Aaral dénd yi ak ñax ba mu gàncax gi jog
15 ba 21 fan ginaaw nji mi, gàncax gi day mat ngir jëmbët







**Tosug toppatoo :**
Tool yi dañu war a set wecc fuñu tollu ba la ngay suy àngare "iire" gir moytu xeex diggante ceeb beek nax yu bon yi
• Defal 100 ba 150 kg àngare « iire » ci ha bu nekk ñaari yoon su dee suuf su tooy :
• Dolli bu njëg bi : 20 ba 25éelu fan ginaaw ba nga jiyee, 7 ba 10 fan ginaaw ba nga jëmbëtee ci lu tollu ci 2/3 li ñu digle (67 ba 100kg/ha bu nekk)
• Ñaareelu yokk bi : Ca ndoorteel céeg ba, 40 ba 60éelu fan (mu ngi aju ci xeeti ceeb wi ) ginaaw nji ma mbaa njëmbët la ci lu tollu ci 1/3 li ñi digle (33 ba 50kg/ha)
• Eviter d'épandre l'urée en cas de sécheresse ou de forte pluie. Moytul suy àngare « iire » su wowee mbaa su tawee ndox mu bari.


**Tos gi**
**Tosug njëlbéen**
• Tosug nefere ak yu ni mel : Sooy rijji, boole ko ak tosug nefere ci lu tollu ci 7 ba 10 t ci ha bu nekk, maanaam 15 ba 20
• Tosug àngare : Tuural 150 ba 200kg àngare NPK (15-15-15 mbaa 15-10-10 ou 8-18-27) booy fuugat ngir njëmbët mbaa laata ngay ji.

**Tànn jiwu**
Jëfandikoo jiwu yi way xarale yi firndéel seen baax




**Jamano yi nuy ji**
Nji ma ngi war a am ci fukk fan yi mujj ci weeru suweŋ ak njëlbéenu weeru sulet (laata 15 fan ci sulet) ginaaw taw bu am solo.






**Jiween yi :**
**Ji ko ci suuf**
Jiyal njiyum saawo ak masinu ji bu diggante bën-bën yi tollu ci 30 mbaa 32 bën-bën wala xuntikat (xóotaay nji mi tollu ci 2-3sm)
diggante yi di 20 ba 25sm digante saawo yi,
jiwu wi tollu ci 70 ba 80kg/ha
Ji ak ay comp yu 2 ba 3 fepp ak xóotaay yu 2 ba 3 sm diggante yi di 20sm x15sm mbaa 20 sm x20sm
jiwu wi tollu ci 40 ba 50kg/ha.



**Njëmbët**
Mu ngi tàmbale su njëmbët yi amee 2 ba 3 i ayubes.
• Balla ngay buddi ngàncax gu ndaw gi, na fekk nga tooyal bu baax sa parka.
• Deel jëmbët te ak saawoo gu jub soo buddee njëmbët li ci xóotaayu 2 ba 3 sm
• te na diggante saawoo yi mat 20 sm diggante jub bu ceebu 2 ba 3 taat bu nekk 15sm
• Bul suul mukk lu wert li ci biir ban bi ndax day yàq njëmbët li.
NB : Moytul njëmbët lu yaax.

# Toppatoo gàncax gi





**Beyaat ak masin mba sa loxo**

- 1ère Beyaat mu jëkk su amee 15-20 fan ginaaw ba nga jiyee mba nga jëmbët
- 2ème beyaat 35-40 fan ginnaaw ba nga jiye wala nga jëmbët.
- 3ème beyaat su ko aajawoo su ñax mi baree lool



**Jëfandikoo posonu gàncax**

Def ko laata gàncax giy fël

Ronstar 25 CE (oxadiazon) : 3 ba 4l/ha, ginaaw 1 ba 2 fan ba ñu jiyee ci suuf su tooy/gajaf

Alligator (pendiméthaline): 3l/ha +1l/ha u Typhon (glyphosate), 1 ba 2 fan ginaaw nji ma ca suuf su tooy/gajaf

Def ko ginaaw ba gàncax gi fëlee

Propanil :(8 ba 10 l/ha) + Weedone (2-4 D, 1 l/ha) su amee 2-4 xob (ñax)

Ronstar PL2 :5l/ha ak buumu ndox

## Aarum gàñcax gi

### Pexe yi ñu ko mën a defe

- Rijjim jeexal





Jëfandikoo jiwwu wu baax wu am firndé

Tànn xeetu gàncax gu nungu lu bari

Dindil bépp xeeti desiitu gàncax


Sàmmoonteek xeetu bey yu baax yi.





**Pexeem fàggandiku ak yenn xeeti poson yi :**

- Xeex sax yi : aaral sa gàncax ak posonu « desis » (deltametirin) ci lu tollu ci 40 sm3 ci 10 l u ndox bu nekk, 1 l u poson ngir 1ha.
- Xeex sax yiy bët bant bi : jëfandikool poson yi ñu nungu te ñi seen xarala màccee ci loolu digle ko
- Xeex max yi : jëfandikoo poson yi way xarala yi digle
- Xeex jàngoro yi dal ci yaramu gàncax gi (helmintosporiose ak Pyriculariose)
- Jëfandikoo xeet yi ëpp lu ñu nungu mel ni DJ 11-509, TOX 728-1
- Fajtal ak poson yi boroom xarala yi tegtal
- Xeex xeeti sax yi :
- Jëfandikoo xeet yi ëpp lu ñu nungu



## Ngóob meek weer mi

Góobal su 2/3 u gub wi mboqee (pepp yi dëgër, gub yi làng, xob yi mboq)
Góobal ak paaka mbaa sartu ak masinu góob mbaa buy daaneel
Moytul yeex a góob,
Weeral ceeb bi diirub 2 ba 3 fan, te mu nekk ay cégg mbaay sey laata ñu koy tar ci béréb bu wow te féex.


# Mbàcc meek njëri mi

Bàccal ceeb ak sa loxo wala ak masin, teg ca jëri ko ngir dindi yenn bant yu sew yeek xotti pepp yi.

### Mbàcc ak barigó weñ



### Bàcc ak datu/taatu garab




### Bàcc ak yet/bant



### Bàcc ak masin bu ñuy dawal ni welo




### Mbàcc ak masin buy tàkk




### jëri



### Ndenc mi



- Su ko bàccee, weer ko ci naaj wi, def ko ci saaku yu bees ci béréb bu guusul te feex teg ca làqu yàqkat yi.
- Setalal ak fajal bérébu dencukaay bi wala bépp jumtukaay bu ñuy dencee



- Tegaleel saaku yi ciy tóoj mbaa bant yu róofaloo am seen i diggante ak tabax ba tollu ci 1 m ngir yombal féexaay ak seetlu bi.

Route des Hydrocarbures - Bel-Air
BP. 3120 Dakar - Sénégal
Tél.: +221 33 859 17 20
Info@isra.sn

15, Rue Calmette x El Hadji Amadou Assane Ndoye
BP. 3300, Dakar - Sénégal
Tél.: +221 33 889 16 66
Email : fao-sn@fao.org